



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE 260 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU KONSTWI AK PREZÈVE PLIS PASE 1,800 KAY NAN NEW YORK

Finansman pral sipòte prèske 30 pwojè atravè eta a pou pwoteje ak elaji apwovizyonman lojman abòdab, bay sèvis sipò, epi ede inisyativ devlopman lokal yo

Bati sou agenda Gouvènè Hochul pou abòde kriz lojman New York la nan ogmante apwovizyonman lojman an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 260 milyon dola atravè kredi taks ak sibvansyon an pou kreye oswa prezève 1,852 lojman abòdab, ki bay sipò, ak dirab nan 29 devlopman atravè Eta New York. Pwojè yo pral elaji oswa pwoteje apwovizyonman lojman nan chak rejyon, amelyore ak modènize lojman piblik, avanse inisyativ devlopman ekonomik lokal yo, epi yo pral enkli karakteristik dirab k ap avanse objektif klimatik Eta a yo. Finansman sa a baze sou ajanda konplè Gouvènè Hochul pou adrese kriz lojman New York la epi redwi depans lojman pou Nouyòkè yo nan ogmante rezèv lojman an.

"Sèl fason pou rezoud kriz lojman New York la epi redwi depans pou fanmi yo se kontinye bati ak prezève kay nan chak rejyon nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa a, n ap avanse ak ajanda nou an pou debloke potansyèl lojman New York la, epi n ap kontinye travay kole ak Lejislati a pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak kay ki an sekirite, ki estab, ak abòdab."

Finansman an anonse jodi a fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Se Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki bay finansman, ki te bay 56 milyon dola nan Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba nan nivo Eta a ak Federal ak 204 milyon dola nan sibvansyon. Lè li makonnen avèk finansman ak resous prive adisyonèl, pwojè k ap resevwa finansman yo prevwa kreye plis pase 840 milyon dola nan envestisman jeneral.

Tout pwojè yo satisfè nòm dirabilite HCR yo, ki ankouraje anviwònman pou viv ki pi an sante epi sipòte objektif ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta New York la. Majorite pwojè yo akòde yo pral sèvi ak yon total 11 milyon dola ki soti nan nisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative) la, yon patenarya ak HCR ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research ak Development Authority, NYSERDA), pou reyalize nivo pi wo toujou nan dirabilite ak rediksyon kabòn.

Anplis de sa, devlopman yo ofri sèvis wo debi gratis pou rezidan yo, sou baz inisyativ ConnectALL Gouvènè a, ki te fè envèstisman istorik pou bay entènèt gwo vitès nan kominote ki pa gen ase sèvis yo epi fèmen divizyon dijital la pou Nouyòkè ki gen pi revni ba yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "260 milyon dola yo anonse jodi a se yon pati nan Plan Lojman 25 milya dola nou an epi li pral lakòz kay ki abòdab, ki bay sipò, ki efikas an enèji ki amelyore lavi plis pase 1,800 moun, fanmi, ak Nouyòkè vilnerab yo, pandan y ap ranfòse kominote yo nan chak rejyon nan Eta a. Mank lojman istorik New York la te fè jwenn bon jan kalite kay tankou sa yo nan kominote vibran yo pi difisil pase anvan. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou ogmante rezèv lojman, agrandi aksè ak sèvis esansyèl tankou swen sante ak gadri, epi sipòte efò devlopman ekonomik lokal atravè New York. Nou pa ka tann pou nou wè 29 devlopman sa yo gen lavi."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Aksè ekite ak bon jan kalite espas ki pwòp ak rezistan kote rezidan yo ap viv, travay ak jwe se baz pou kominote ki an sante ak dirab – epi anons jodi a reprezante avni Eta New York. Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Eta a ap revitalize atravè estrateji konstriksyon konplè ki enkòpore enèji pwòp pandan y ap diminye emisyon kabòn danjere pou pwoteje anviwònman ak resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Pwojè yo gen ladan yo:

Rejyon Kapital

10.6 milyon dola pou Cold Spring nan Tannersville, Konte Greene. Yo pral demoli yon ansyen otèl epi ranplase l ak yon devlopman lojman pou mendèv ki gen 56 inite, ki gen ladan 15 inite lojman pou granmoun aje ki devlope pa RUPCO. Pwojè a pral resevwa 420,000 dola nan fon CEI pou pouswiv sètifika Kay Pasif (Passive House) la.

6.6 milyon dola pou South Street Apartments nan Glens Falls, Konte Warren. Devlopman 70 inite pou revni miks pral genyen 11 inite ak sèvis sipò pou moun ki andikape. Devlopman an gen ladan tou yon Etablisman Sèvis Kominotè ki pral itilize pa SUNY Adirondack pou ofri opòtinite fòmasyon pwofesyonèl ak devlopman mendèv. Devlopè a se Spring City Development Group. Pwojè a pral resevwa 385,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi.

9.4 milyon dola pou The Haven at Latham nan Colonie, Konte Albany. Devlopman 65 inite pou revni miks lan pral genyen 10 apatman ak sèvis sipò sou plas pou veteran andikape yo. Devlopè a se Dakota Partners. Pwojè a pral resevwa 357,500 dola nan fon CEI pou pouswiv sètifika Kay Pasif (Passive House) la.

8.7 milyon dola pou Colvin Avenue Apartments nan Vil Albany. Devlopman sa a ki gen 63 apatman ak itilizasyon Miks pral ofri 11 apatman k ap sèvi moun ki sanzabri, ansanm ak espas komèsyal. Devlopè a se Regan Development Corp. Pwojè a pral resevwa 346,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi.

5.4 milyon dola pou Clinton Square Studios nan vil Albany. Devlopman pou itilizasyon miks ki gen 57 inite a gen ladan espas egzibisyon pou atis ak lojman tanporè pou aktè Capital Repertory Theatre yo. Devlopè a se Equity Residential Development, LLC. Pwojè a pral resevwa 427,500 dola nan fon CEI pou pouswiv sètifika Kay Pasif la.

NY Santral

7.8 milyon dola pou Olympia Terrace nan Auburn, Konte Cayuga. Pwojè a pral reyabilite 50 inite lojman piblik ke Otorite Lojman Auburn (Auburn Housing Authority) opere atravè 13 bilding, an patenarya ak 3D Development Group. Pwojè a pral resevwa 1,250,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif elektrifikasyon bilding lan an antye ak anvlòp etandi ak vantilasyon.

11.5 milyon dola pou Eastwood Heights nan vil Syracuse. Y ap prezève yon devlopman lojman pou granmoun aje ki egziste deja nan Otorite Lojman Syracuse (Syracuse Housing Authority), epi elaji soti nan 49 rive nan 53 inite, an patenarya ak Cornerstone Group Rochester a. Pwojè a pral resevwa 662,500 dola nan fon CEI pou pouswiv elektrifikasyon bilding lan an antye.

Finger Lakes

8.4 milyon dola pou Beechwood Family Apartments nan vil Rochester. Pwojè a pral kreye 54 nouvo kay atravè 21 bilding sou sit vid ki gaye toupatou nan katye Beechwood Rochester a. Yo pral mete douz apatman sou kote kòm lojman sipò pou fanmi ki bezwen sèvis. Devlopè pwojè a se Home Leasing, LLC. Pwojè a pral resevwa 297,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

2.6 milyon dola pou Creekview Apartments II nan Canandaigua, Konte Ontario. Devlopman an pral konpoze de 72 apatman nan nèf bilding ki gen de etaj, ki gen ladan uit apatman rezève pou moun ki gen andikap fizik. Creekview Apartments se yon benefisyè Buildings of Excellence NYSERDA epi li pral satisfè nòm Kay Pasif la atravè enklizyon sistèm chofaj solè elektrik ak jewotèmik sou plas. Devlopè a se Baldwin Real Estate Development.

12.8 milyon dola pou True North Apartments nan vil Rochester. Devlopman an pral gen ladan de sit rezidansyèl ak yon total 70 apatman, ki gen ladan 35 inite sipò pou fwaye sanzabri kwonik ak granmoun aje, ak yon klinik byennèt pou pasyan ekstèn ak

sèvis ki disponib pou tout kominote a. Devlopè a se DePaul Properties, Inc. Pwojè a pral resevwa 385,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

9 milyon dola pou Churchview Commons nan vil Rochester. Devlopman 45 inite a pral gen ladan 24 apatman y ap mete sou kote pou moun ki sanzabri ak fanmi ki bezwen sèvis sipò. Devlopè a se Pathstone Housing Action Corp. Pwojè a pral resevwa 247,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

11.5 milyon dola pou Southridge Landing nan Henrietta, Konte Monroe.

Devlopman pou revni miks sa a pral genyen 62 apatman, ki gen ladan 20 yo mete apa pou fanmi ki bezwen sèvis sipò, ki soti nan men Dakota Partners. Pwojè a pral resevwa 341,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

Long Island

7.5 milyon dola pou Rockville Manor nan Rockville Centre, Konte Nassau. Pwojè a pral prezève ak elaji yon Otorite Lojman Rockville Center (Rockville Centre Housing Authority) ki egziste deja pou granmoun aje soti nan 50 rive nan 56 inite. Ekip devlopman an gen ladan D&F Development Group ak Rockville Redevelopment Corp. Pwojè a pral resevwa 625,000 dola nan fon CEI pou pouswiv elektrifikasyon bilding lan an antye.

13.2 milyon dola pou Medford Gardens nan Brookhaven, Konte Suffolk. Medford Gardens pral ofri 67 apatman pou Nouyòkè ki gen 55 ane oswa plis, ki gen ladan 33 inite sipò. Devlopè a se WellLife Network.

Mid-Hudson

5.4 milyon dola pou Locust Hill nan Rhinebeck, konte Dutchess. Locust Hill pral genyen 80 apatman atravè kat bilding ki fèk konstwi. Devlopè a se Kearney Realty & Development Group, Inc. Pwojè a pral resevwa 440,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

4.6 milyon dola pou Reservoir Place nan Carmel, Konte Putnam. Devlopman senk bilding, 75 inite yo pral bati sou tè vid ki toupre pwojè Hamlet at Carmel la ki an konstriksyon kounye a. Se Kearney Realty & Development Group, Inc. ak Housing Action Council k ap devlope konplèks la. Pwojè a pral resevwa 412,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

6.6 milyon dola pou Harmony Hall nan New Paltz, Konte Ulster. Pwojè 51 inite a pral sèvi Nouyòkè ki gen 62 ane oswa plis yo. Devlopè yo se Rockabill Development, LLC, ak Affordable Housing Conservancy. Pwojè a pral resevwa 382,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

8.6 milyon dola pou Admiral Halsey Senior Village II nan Poughkeepsie, Konte Dutchess. Dezyèm faz 72 inite Admiral Halsey la pral konstwi sou tè vid ki toupre Faz I an. Mwatye apatman yo pral sèvi granmoun aje ki bezwen sèvis sipò yo. Devlopè yo se Paths Development, LLC, ak Hudson River Housing.

Mohawk Valley

5.8 milyon dola pou Lojman pou granmoun aje nan Beeches nan Rome, Konte Oneida. Pwojè a pral transfòme yon motèl istorik ki vid an yon devlopman 47 inite pou revni miks pou granmoun aje yo. Se Visiting Nurse Association of Central New York, Inc ki devlope pwojè a. Pwojè a pral resevwa 426,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

New York City

12.7 milyon dola pou 19-19 Cornaga Avenue nan Far Rockaway, Queens. Devlopman ak itilizasyon miks sa a pral genyen 92 apatman, ki gen ladan 60 ak sèvis sipò sou plas, ak Joseph P. Addabbo Family Health Center. Devlopè a Brisa Builders Development, LLC.

15.4 milyon dola pou 1546 East New York Avenue nan Brooklyn. 1546 East New York Avenue pral genyen 95 apatman, ki gen ladan 57 ak sèvis sipò, ak yon etablisman swen sante. Devlopè a se Xenolith Partners, LLC ak Family Services Network of New York Inc. Pwojè a pral resevwa 522,500 dola nan fon CEI pou pouswiv sètifika Kay Pasif la.

North Country

13.4 milyon dola pou Apatman nan Mill & Main nan Watertown, Konte Jefferson. Devlopman an pral pote 63 nouvo apatman nan tè ki vid kounye a nan anba lavil Watertown lan, ki gen ladan 31 apatman ak sèvis sipò pou moun ki gen andikap. Devlopè a se Neighbors of Watertown, Inc. Pwojè a pral resevwa 346,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

Southern Tier

14.9 milyon dola pou Hooper Road Apartments nan Union, Konte Broome. Devlopman sa a pral genyen 80 apatman nan yon bilding ki gen kat etaj, ki gen ladan 40 inite ak sèvis sipò pou Nouyòkè aje yo ak uit apatman ki gen yon preferans pou lokasyon pou fanmi LGBTQ+. Devlopè a se CDS Monarch. Pwojè a pral resevwa 440,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

9.7 milyon dola pou Homesteads on Grand nan Johnson City, Konte Broome. Devlopman pou itilizasyon miks lan pral genyen 72 nouvo apatman, ki gen ladan 12 inite ak sèvis sipò pou moun ak fanmi ki sanzabri, ak espas komèsyal. Homesteads on Grand ap devlope pa Regan Development Corporation and SEPP, Inc. Pwojè a pral resevwa 396,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

Lwès New York

7.6 milyon dola pou Playter Gardens nan The Market nan vil Buffalo. Devlopman espas ki pa itilize sa a pral genyen 73 apatman atravè onz bilding nan kote ki epapiye. Yo pral mete sou kote plis pase mwatye nan apatman pou jèn adilt ki sanzabri ki gen laj 18 a 25 lane, ki gen ladan dis apatman yo mete sou kote pou jèn ki soti nan swen

adoptif. Devlopè a se Stuart Alexander & Associates, Inc. Pwojè a pral resevwa 401,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

13.9 milyon dola pou Juniper Apartments nan Hamburg, Konte Erie. Juniper Apartments pral gen 65 apatman abòdab, ki gen ladan 16 ke yo mete sou kote pou Nouyòkè ki aje yo, sèt ladan yo pral rezève pou popilasyon aje ki frajil yo. Devlopè a se People Community Housing Development Corporation. Pwojè a pral resevwa 487,500 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

2.5 milyon dola pou Thankful Gardens nan vil Buffalo. Pwojè a pral konstwi de nouvo bilding ak reyabilite yon kay ki egziste deja pou kreye 20 apatman, yo tout pral gen sèvis sipò pou fanmi ki gen pwoblèm sanzabri ak itilizasyon sibstans. Devlopè a se Thankful Community Development Corporation.

6.9 milyon dola pou Silver Creek Senior Housing nan Silver Creek, Konte Chautauqua. Pwojè a gen ladann demolisyon yon lekòl ki delambre ak nouvo konstriksyon yon devlopman lojman pou granmoun aje ki gen 54 inite. Yo pral mete kenz nan apatman devlopman an sou kote pou granmoun aje k ap fè eksperyans sanzabri. Devlopè yo se Park Grove Development, LLC, ak Southern Tier Environments for Living, Inc. Pwojè a pral resevwa 297,000 dola nan fon CEI pou pouswiv objektif sètifika etandi yo.

7.2 milyon dola pou The Nest nan Niagara Falls, Konte Niagara. Pwojè a gen ladann demolisyon yon espas komèsyal vid ak nouvo konstriksyon 73 apatman, ki gen ladan 18 ak sèvis sipò pou fanmi ki nan bezwen yo, ak espas komèsyal nan premye etaj la. Se Community Services for Every1, Inc. and Edgemere Development k ap devlope The Nest la. Pwojè a pral resevwa 547,500 dola nan fon CEI pou pouswiv sètifika Kay Pasif la.

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Chak moun merite yon kote ki an sekirite epi ki pwoteje pou yo rele lakay yo. Men, malerezman, anpil moun toujou pa rive viv reyelite sa a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou envestisman enpòtan sa a nan lojman abòdab atravè rejyon Finger Lakes, ki gen ladan plis pase 40 milyon dola nan Rochester. Mwen pa tann pou nou kontinye travay ansanm pou asire tout moun gen opòtinite non sèlman pou yo siviv, men pou yo pwospere."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)